



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MANM DELEGASYON KONGRÈ NEW YORK LA PRAL PREZANTE 'PREMYE LWA AMERIKEN' POU SISPAAN SOVTAJ FINANSYE POU ANTREPRIZ YO**

***Lejislasyon an, ki te toudabò yon pwopozisyon Gouvènè a, di yon antrepriz pa ka kalifye pou resevwa finansman gouvènman an si li pa re-anboche menm kantite anplwaye li te genyen anvan pandemi COVID-19 la***

***Renouvle apèl bilateral Asosyasyon Gouvènè Nasyonal la pou sipò fiskal san restriksyon pou eta yo nan pwochen pwojè lwa federal pou soulajman COVID-19 la***

***Tablodò siveyans rejyonal la ki montre ki kantite metrik chak rejyon te atenn pou re-ouvri disponib [isit la](#)***

***Konfime 1,430 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 338,485; gen nouvo ka nan 37 Konte***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke manm Delegasyon Kongrè New York la yo - Reprezantan Nydia Velázquez, Reprezantan Thomas Suozzi, Reprezantan Carolyn Maloney, Reprezantan Hakeem Jeffries, Reprezantan Gregory Meeks, Reprezantan Grace Meng, Reprezantan Eliot Engel, Reprezantan Paul Tonko, Reprezantan José Serrano, Reprezantan Joe Morelle, Reprezantan Adriano Espaillat ak Reprezantan Yvette Clarke - pral pwopoze 'Premye Lwa Ameriken' an pou ede anpeche sovtaaj finansye antrepriz apre pandemi COVID-19 la. Lwa a, ki te toudabò yon pwopozisyon Gouvènè a nan dat 10 me, di yon antrepriz pa ka kalifye pou resevwa finansman gouvènman an si li pa kenbe menm kantite anplwaye antrepriz sa a te genyen anvan pandemi COVID-19 la.

Gouvènè a te pibliye tou yon deklarasyon konjwent avèk Prezidan NGA, Gouvènè Maryland Hogan ki renouvle apèl bilateral Asosyasyon Gouvènè Nasyonal (National Governors Association, NGA) pou sipò fiskal san restriksyon pou eta yo nan pwochen pwojè lwa federal pou soulajman COVID-19 la. Pwochen pwojè lwa a dwe konsantre sou finansman gouvènman etatik ak lokal, fanmi k ap travay, tès nan eta ak efò trasaj ak yon estimilan ekonomik reyèl san okenn èd finansye pou antrepriz yo ki pa pwoteje anplwaye yo epi ki sèlman anrichi dirijan oswa aksyonè yo.

"Viris sa a afekte nou tout men li espesyalman fè mal ak travayè Ameriken ak travayè nou yo ki nan premye liy yo - se yo ki bezwen èd finansye toutbon, se pa gwo biznis yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen te pale ak yon seri manm Delegasyon

Kongrè New York la epi yo te dakò pwopoze Premye Lwa Ameriken pou sispann sovtaj finansye pou antrepriz saf yo ki pa pwoteje ak re-anboche anplwaye yon fwa yo tounen fonksyonèl."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,430 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 338,485 ka konfime nan Eta New York. Nan total 338,485 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	1,479	23
Allegany	42	4
Broome	379	1
Cattaraugus	61	0
Cayuga	60	0
Chautauqua	42	1
Chemung	131	0
Chenango	112	1
Clinton	77	1
Columbia	314	0
Cortland	30	1
Delaware	65	0
Dutchess	3,399	21
Erie	4,530	47
Essex	32	0
Franklin	17	0
Fulton	135	26
Genesee	174	1
Greene	206	0
Hamilton	5	0
Herkimer	81	0
Jefferson	68	0
Lewis	11	0
Livingston	102	0
Madison	251	0
Monroe	1,890	40
Montgomery	67	0
Nassau	38,434	97
Niagara	671	16
NYC	186,123	766
Oneida	676	7

Onondaga	1,308	21
Ontario	107	0
Orange	9,632	48
Orleans	133	3
Oswego	76	1
Otsego	67	0
Putnam	1,098	0
Rensselaer	416	5
Rockland	12,504	20
Saratoga	407	4
Schenectady	581	6
Schoharie	46	0
Schuyler	8	1
Seneca	49	0
St. Lawrence	191	1
Steuben	229	1
Suffolk	37,062	151
Sullivan	1,119	10
Tioga	107	0
Tompkins	132	0
Ulster	1,465	11
Warren	221	4
Washington	210	0
Wayne	83	2
Westchester	31,472	88
Wyoming	77	0
Yates	21	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)